



**ÒDONANS DIJANS NIMEWO 8
KONTE PALM BEACH COVID-19
DIREKTIV ANPLIS NAN ZAFÈ METE PWOTEKSYON FIGI**

KONSIDERAN, COVID-19 la, yon maladi respiratwa yon viris lakòz ki gaye rapidman sòti nan yon moun ale nan yon lòt epi ki ka lakòz maladi grav oswa lanmò, reprezante yon menas klè ak aktyèl pou lavi, sante, byennèt ak sekirite moun nan Konte Palm Beach yo; epi

KONSIDERAN, nan dat 9 mas 2020, Gouvènè Ron DeSantis, te pibliye yon Dekrè Egzekitif 20-52 ki deklare yon eta dijans pou Eta Florid akòz COVID-19 la; epi

KONSIDERAN, nan dat 13 mas 2020, dapre Seksyon 252.38(3)(a)(5), Lwa Florid yo, Konte Palm Beach te deklare yon Eta Dijans lokal akòz pandemi kowonaviris la, ki te pwolonje depi lè a nan respè ak lwa ki aplikab yo; epi

KONSIDERAN, nan dat 24 mas 2020 Gouvènè Ron DeSantis, te pibliye Dekrè Egzekitif 20-83 ki mande Chirijyen Jeneral Eta a ak Ofisye Sante Eta a pou pibliye yon avi sante piblik pou mande moun ki aje yo ak moun ki gen kondisyon medical grav kache ki mete yo nan pi gwo risk pou gen maladi grav nan COVID-19 la pou rete lakay yo. Kondisyon sa yo gen ladan, men pa limite ak, maladi kwonik nan poumon oswa opresyon modere rive nan grav; kondisyon kadyak grav; sityasyon iminodeprime, ki gen ladan sila yo ki nan tretman kansè; ak obezite grav; epi

KONSIDERAN, Gouvènè Ron DeSantis te pibliye yon seri Dekrè Egzekitif annapre an repons ak pandemi COVID-19 la, ki gen ladan Dekrè Egzekitif 20-112 yon Faz 1: Plan Entèlijan, San Danje, Etap pa Etap pou Retablisman Florid la, kote Gouvènè a te re-ouvri kèk biznis, epi Dekrè Egzekitif 20-120 ki, pami lòt yo, te sèvi pou ajoute Konte Palm Beach nan Faz 1; epi

KONSIDERAN, Administratè Konte a, dapre otorite yo ki site anba a, te pibliye plizyè Òdonans Dijans ki gen ladan Òdonans Dijans 2020-002a ki fèmen tout biznis vant an detay ak komèsyal ki pa esansyèl epi pèmèt kèk biznis esansyèl ki mansyone pou rete ouvri, anvigè apati 29 mas 2020 ak Òdonans Dijans 2020-004, Direktiv pou Mete Pwoteksyon Figi, anvigè nan dat 13 avril 2020; epi

KONSIDERAN, Konte Palm Beach vle pran mezi anplis pou minimize pwopagasyon COVID-19 la nan Konte Palm Beach epi klarifye ak/oswa amande dispozisyon Òdonans Dijans 2020-004;

KOUNYE A, PA KONSEKAN, NOU ÒDONE ISIT LA dapre Atik II Kòd Konte Palm Beach, Chapit 9, Seksyon 9-35, ansanm ak otorite yo ban mwen nan Deklarasyon Dijans Gouvènè DeSantis te pibliye nan Dekrè Egzekitif 20-52 pa Chapit 252 Lwa Florid yo, Konsèy Manm Komisyon Konte a ak Plan Jesyon Dijans Global Konte Palm Beach lan, epi jan lalwa mande sa, mwen òdone konsa:

1. Konsideran ki anvan yo enkòpore isit la kòm referans.
2. Òdonans sa a aplike nan tout zòn ki entegre ak ki pa entegre nan Konte Palm Beach.
3. Seksyon 3 Òdonans Dijans 2020-004 lan amande konsa:
 - a. **Rekòmandasyon pou Pwoteksyon Figi.** Tout moun k ap travay nan, ki frekante oswa ki prezan fizikman nan episri, restoran menm si li pa chita, famasi, sit konstriksyon, veyikil transpò pataje ak lokal kote mezi distans sosyal yo pa posib dwe mete pwoteksyon figi jan CDC defini sa.
 - b. **Pwoteksyon Figi Obligatwa nan Palm Tran.** Tout moun k ap itilize sèvis transpò komen Palm Tran Konte a ki gen ladan itinerè fiks, koneksyon Palm Tran, Go Glades ak nenpòt lòt sèvis transpò Palm Tran bay, dwe mete pwoteksyon figi toutan lè y ap antre, nan trajè oswa ap kite bis la oswa veyikil transpò a, amwenske gen yon aranjman medikal ki te fèt ak Palm Tran alavans nan (561) 841-4287.

Tout lòt dispozisyon Òdonans Dijans 2020-004 lan rete anvigè.

5. Nenpòt dispozisyon nan Amanman sa ki gen konfli avèk nenpòt dispozisyon lwa eta oswa federal oswa dispozisyon konstitisyonèl oswa konfli avèk oswa ki gen yon Dekrè Egzekitif Gouvènè oswa Prezidan Etazini ki aktyèl oswa ki pibliye apre ki ranplase yo, ap konsidere kòm pa aplikab epi konsidere kòm separe de Amanman sa a avèk rès Amanman an ki rete entak ak anvigè. Nan mezi aplikasyon kèk oswa tout dispozisyon Amanman sa a entèdi sou teritwa souvren yon tribi souvren oswa Endyen ke gouvènman federal la oswa eta a rekonèt, aplikasyon sa a ap eskli klèman nan Amanman sa a. Dispozisyon Amanman sa a dwe ranplase dispozisyon espesifik nenpòt Òdonans Dijans Konte a te pibliye ki kontrè oswa ki gen konfli avèk Amanman sa a.

6. Amanman sa a dwe anvigè nan 5:00 p.m. nan dat 16 me 2020. Amanman sa a ap ekspire lè Eta Dijans Lokal aktyèl la fini, menm jan li ka pwolonje atravè yon lòt òdonans oswa deklarasyon amwenske gen yon lòt òdonans ki te gentan mete fen ladan.

KONTE PALM BEACH

Pa: _____ [Siyati] _____
Administratè Konte

**APWOUVE SELON
SIFIZANS JURIDIK**

Pa: _____ [Siyati] _____
Pwokirè Konte

Dat: 16 me 2020

**ATESTE
GREFYE AK KONTWOLÈ**

Pa: _____ [Siyati] _____
Grefye Adjwen